



NDINOFANIRA KUPINDURA MIBVUNZO YEMAPURISA HERE?

Kana ukamiswa uye wobvunzurudza nemapurisa, kana kuti votaura newe pakuratidzira, une kodzero **YEKUSAPINDURA**, kunze kwekunge uri kuita zvinhu "zvisina hunhu" (kukonzeresa, kana kuti kuda kukonzeresa "kuharasa vamwe, kutyisidzira kana kushushikana kwevamwe"). Haufaniri kuudza mapurisa mashoko ekunyepa, sezvo ikoko kuri kupara mhosva. Haugoni kusechwa kana kusungwa nekungoti chete waramba zviri pamutemo kupindura mibvunzo yemapurisa.

NDINE KODZERO YEKURATIDZIRA HERE?

Hongu. Kodzero yako yekuratidzira yakachengetedza neMutemo Wekodzero Dzevanhu uye unongokwanisa chete kurambidzwa zviri pamutemo padzimwe nguva dzakatarwa (dzakadai sekudzivirira kuparwa kwemhosva kana nyonga nyonga) uye nenzira inoenderana nemamiriro ezhvinhu.

Kuti uwane mamwe mashoko uye nhungamiro nezvekuronga kuratidzira, masimba emapurisa ekuderedza kana kumisa kuratidzira, uye kodzero dzako kana wasungwa, enda pa libertyhumanrights.org.uk/advice-and-information wosarudza musoro wenayaya wakanzi 'kuratidzira', kana kushandisa QR code.

I. LIBERTY



migrants
organise



Mashoko aya anga achiri echokwadi musi wa3 March 2022.





NDINOFANIRA KUITA SEI KANA NDASUNGWA?

Mapurisa asati akusunga, anofanira kutsanangura kuti ari kukusunga uye kuti nei ari kukusunga. Kana ukasungwa, taura kuti "**NO COMMENT**" ("**HANDINA ZVEKUTAURA**") pamibvunzo yese uye **USABVUMA** kupihwa yambiro kusvika wawana rubatsiro rwemaǵweta. Tsvaǵa mazano kubva kumuchuchisi anonyatsoziva mutemo wekuratidzira (ona pasi apa). Une kodzero yezvinotevera:

- kuudza mumwe munhu nezvekusungwa kwako
- kuwana muturikiri kana Chirungu usiri mutauro wako wekutanga
- kuwana rubatsiro rwemunhu mukuru kana uri pasi pemakore 18 kana kuti uri munhu ane zvinhu zvinogona kuita kuti ukanganisike

Paunosungwa, **HAUMANIKIDZWI** pamutemo kutaura nyika yawakaberekerwa kana mamiriro ezvekugara munyika, kunyange zvazvo mapurisa anogona kukubvunza izvi kana vakanyumwira kuti hausi chizvarwa chenyika yeBritain. Kuti uwane mazano nezvezvingaitika paunosungwa pakuratidzira, ona: jcwi.org.uk/immigration-advice-for-protestors

VACHUCHISI VANOBATSIRA MAHARA CHERO NGUVA UYE VEZVEMUTEMO:

ITN SOLICITORS 020 3909 8100

COMMONS 020 3865 5403

HODGE JONES ALLEN (HJA) 0844 848 0222

BINDMANS 020 7305 5638

KELLYS 01273 674 898 / 0800 387 463

MTC 07956 308 127

BPLS @blkprotestlegal / blackprotestlegal@protonmail.com

GBC @GBCManchesterl / 07761 911 121 / manchestergbc@riseup.net

